

SOBAT

Waktu nampa rapot, sarta naék kelas, Wawan nyarita ka apana, "Pa, mésér kantong, pan ayeuna abdi tos naék kelas. Isin atuh ku réréncangan, upami taun ieu abdi teu dipangmésérkeun kantong mah."

"Ah, Wawan, kantong anu ti payun gé masih tiasa kénéh dianggo."

"Muhun, Pa, tapi Wawan hoyong kantong nu saé."

"Tapi ayeuna Apa tacan gaduh artosna."

Wawan *hanjelueun* pisan. Soré-soré Wawan *ngabangbrangkeun* ka sawah. Ti palebah sawah Mang Darta aya anu ngageroan. Singhoréng Yayat, *sobat dalitna*.

"Yat, keur naon di dieu?"

"Keur tunggu paré, Wan. Hayu ka dieu, urang ngobrol!"

Wawan diuk gigireun Yayat bari ngobrolkeun kahayangna, hayang kantong anyar téa. Ku Yayat kalah diseungseurikeun.

"Naha bet nyeungseurikeun, Yat? Wawan mah bener da hayang kantong téh."

"Enya, tapi apan bapa Wawan teu gaduheun artosna," témbal Yayat.

"Tapi apan bisa nambut heula artos ka kantor."



"Wan, naék kelas téh lain pikeun pamér kantong," omong Yayat bari cengkat, terus ngagebahkeun manuk. "Wawan nyaho henteu pagawéan Yayat sapopoé ari balik ti sakola? Apan kudu babantu ka kolot di sawah kawas ayeuna."

Wawan teu ngomong.

"Wawan kudu ngarasa bagja, sabab masih kénéh bisa sakola. Wawan mah teu kudu capé kawas Yayat," omong Yayat.

Wawan ngahuleng. Manéhna inget kana kalakuanana anu sok mindeng *ngahésékeun* kolotna. Mun aya kahayang kudu waé *ditedunan*.

Saméméh magrib, Wawan jeung Yayat marulang ti sawah.

Barang tepi ka imahna, Wawan digeroan ku ibuna. Kasampak aya apana deuih.

"Kieu yeuh, Wan, Bapa tos badanten sareng Mamah. Kanggo ngagaleuh kantong anyar téh, Si Pelung badé diical," saur apana.

Wawan tungkul, terus nyarita, "Upami Si Pelung teu aya, atuh moal aya anu *ngagugahkeun* ari subuh. Ulah diical, Pa, da kantong anu ti payun gé saé kénéh."

SUMATIF AKHIR SEMESTER (SAS) KELAS VI

NAMA :

Jawab pananya ieu dihandap!

1. Naon judul eta cerpen?
2. Benar atau salah

	bener	salah
Wawan hayang meser kantong anyar		
Wawan diuk gigireun yayat sabari ngobrolkeun kahayangna		
Bapakna wawan pangmeulikeun kantong anyar		

3. Pasangkeun harti kecap dihandap ieu ngarah bener

lalajo	▪	▪ mengelilingi
ngariung	▪	▪ nonton
basisir	▪	▪ Sahabat karibnya
hanjelueun	▪	▪ pantai
Sobat dalitna	▪	▪ menyesal

4. Saha nu hayang kantong anyar?
 - A. Wawan
 - B. Yayat
 - C. Bapana wawan
 - D. Indungna wawan
5. Naon pagawean yayat balik ti sakola?
 - A. Babantu kolotna di sawah
 - B. Macul di sawah
 - C. Ulin di sawah
 - D. Ngobrol jeung Wawan
6. Saha nu aya di palebah sawah Mang Darta nu ngageroan Wawan?
 - A. Wawan
 - B. Yayat
 - C. Bapana wawan
 - D. Indungna wawan
7. Kunaon wawan sore – sore ka sawah?
8. Naon nu bade diical ku bapana wawan kanggo meser kantong?